

## Nèj (Kontinye)

- Si ou pa kapab ranje oswa konsolide wout kote moun yo manje a, yo ankouraje w pou pran kèk etap pou pwoteje ou byen yo kont domaj lè y ap retire nèj. Depatman Sanitasyon (DSNY) te fè yon èkzèsis antrenman ki gen ladann yon simulasyon operasyon pou retire nèj ki nan lari ki ratresi twotwa sou de bò wout yo. DSNY pral fè yon sansibilizasyon ki sible restoran yo pou asire yo respekte kritè pou sit DOT la ak wout yo ki ka raboure fasilman epi rete abòdab.
- Itilize baton pou nèj ou yo pou ogmante vizibilite enstalasyon ou yo si yo retire yo.
- Ou kapab enskri pou resevwa avètisman pou nèj epi tout mizajou ki gen rapò ak nèj atravè avètisman nan NYC. Enskri pou resevwa avètisman, rele 311, ale sou [nyc.gov/notifynyc](https://nyc.gov/notifynyc), oubyen suiv @NotifyNYC sou twitè

## Mèt Restoran yo kapab

- Kite separasyon yo kote ki gen kontè, paking kote ki altène, oubyen Pa nan zòn machin pake nenpòt lè, yo retire tab ak chèz yo founi epi sekirize yo lè yo p ap itilize yo.
- Yo ka enstale platfòm yo nan espas pou chita sou wout la deyè separasyon ki nesès pou bese wotè ak koub pou fasilite konfòmite ak ADA, evite koub la vin yon danje pou kilbite, epi pèmèt drenaj fèt anba chèz yo.
  - Platfòm sa yo pa dwe bloke drenaj dlo lapli pou antre nan twotwa a epi kite li koule sou kote twotwa a.
  - Patfòm sa yo p ap bloke aksè oubyen vantilasyon sèvis piblik yo kouvri.

## Jeneral

- Fòk se etaj ki bay sou lari a, restoran fizik oubyen ba ak pèmi etablisman sèvis manje DOHMH.
- Demann pou louvri restoran NYC pa kouvri anplwaki tonbe nan pwopriyete prive (tankou lakou deyè, galri elatriye.)
- Sipoze konfòm ak ADA
- Demann nan rekòmande pou founi tout tab, chèz, baryè epi, ranp yo. Yo pa dwe plake anyen nan chemen an oubyen sou twotwa a
- Ou dwe retire tab yo ak chèz yo oswa mete yo nan plas ki sekirize lè yo p ap itilize yo

## Demann

- Sitwèb: [nyc.gov/openrestaurants](https://nyc.gov/openrestaurants)
- Biznis yo sipoze sètifye-poukont yo yo konfòm ak tout rekòmandasyon ki gen nan demann nan

- Si biznis la gen lentansyon pou sèvi alkòl, aplikasyon NYC Opèrn Restaurants se yon pwen santral pou ekstansyon lisans souplas NY State Liquor Authority (SLA) an, si etablisman an founi enfòmasyon SLA mande yo.
- Y ap rejte oubyen apwouve biznis imedyatman aprè yo soumèt aplikasyon an.

## SANTE

- Biznis yo konfòm yo ak rekòmandasyon Eta a ak Vil yo
- **Rekòmandasyon DOHMH sou manje deyò ak livrezon pote ale**
- **Depatman Gid Sante Enterimè Eta New York pou espas deyò**
- Piblik sipoze suiv “Core Four” la:
  1. Pote yon mask
  2. Rete lakay ou si ou pa santi w byen
  3. Kenbe 6 pye (2 mè) distans ant moun yo
  4. Lave men nou

## Lòt Resous anplis

- **Liy dirèk pou Ti Biznis yo: 888-SBS-4NYC**

Vil la lanse yon liy dirèk pou ti biznis yo pou reponn kesyon ijan yo pou pwopriyete ti biznis yo pandan y ap prepare pou relouvri. Defansè Ti Biznis yo ak Konseye yo ap siveye liy dirèk epi yo ekipe ak dènye gid ak règleman pou pataje ak pwopriyete biznis yo. Pou jwenn liy dirèk, konpoze 888-SBS-4NYC or 888-727-4692

### Kesyon yo Poze Souvan nan Restoran yo

#### Gid pou Relouvri Restoran NYC

#### Rekòmandasyon NY State Liquor Authority sou Ekspansyon Deyò Lokal ki Jwenn Lisans pandan COVID-19 la

#### Re-louvri pandan Pandemi Mache Founiti, ki gen ladann Amelyorasyon Fizik ak Mèb yo ka Deplase nan Zòn ki gen Anpil Ka Enfeksyon nan Eta New York

Ou ka jwenn liyen sa yo sou [nyc.gov/openrestaurants](https://nyc.gov/openrestaurants)

# NYC

# OPEN Restoran yo

## Kritè pou sit la

## Fevriye 2021

Apati de 13 novanm, 2020, yo rekòmande pou ba yo ak restoran yo sispan sèvis an pèsòn soti 10 p.m. pou rive 5 a.m. chak jou. Aprè 10 p.m., ba yo ak restoran yo ap kapab bay manje pou vin pran devan twotwa a oubyen livrezon, men yo defann moun sèvi alkòl pou pote ale.

## Chita sou twotwa


- Chèz ak tab yo sipoze kole nan mi biznis la oubyen pi pre posib
- Sipoze kite yon 8 pye nan wout la pou pyeton yo pase
- Sipoze gen omwen 3 pye (1 mè) biznis ki sou kote a
- Pa ka bloke kenkay sèvis piblic oubyen koneksyon ki kole dlo a
- Pa ka bloke kote moun rete tann nan arè otobis
- Pou kenbe wout la klè, kontè pou paking yo, siy trafik epi tou pyebwa ak griyaj yo (san sekirite pou pyebwa yo) yo egzante. Yo konsidere tout estrikti ki anlè yo kòm blokay

## Chita sou Wout

### Obligatwa pou Restoran:

- Krewe yon separasyon pou pwoteje toule twa kote nan perimèt chèz ki sou wout la, pou separe kote pou moun chita ak liy kote machin pase. Separasyon sa yo sipoze omwen 18 pous nan lajè epi 30-36 pous nan wotè (plante pa ladann) sou toule twa kote yo ki sou twotwa a, pou prezève vizibilite chofè yo epi founi pwoteksyon pou kliyan yo (gade Dyagram sou kritè pou Sit la).
  - Separasyon yo sipoze genyen yon mi ki konstwi nèt pa anndan epi pa anba pou kenbe materyèl pou ki pou bouche twou.
  - Yo sipoze fè yon separasyon 18 pous konplè ki fèt ak tè epi sab.
  - Yo sipoze ajoute sou tèt arebò anlè yo adefiz long ki gen reflè, epi yo sipoze mete baton pou nèj nan kwen yo nan de separasyon yo ki bay anfas sikilasyon yo.
  - Si ou gen separasyon an plastik kenbe dlo, mete l nan do pa anlè separasyon ou yo anfas sikilasyon k ap vini yo. Asire w ou ranpli l ak dlo ak apeprè 100 liv sèl pou prevni l pa glase.
- Founi konfòmite ranp la ak ADA, yo ka fè ak materyèl ki pa-pèmanan
- Pa mete chèz oubyen separasyon a 15 pye (4.60 mè) distans ak bouch ensandi. Lè w fè sa l ap mete an danje sekirite sitwayen k ap viv New York yo.
- Pa mete chèz oubyen separasyon a 8 pye (2.40 mè) distans ak yon kafou, pou pèmèt machin vire epi evite yo kole youn sou lòt
- Pa mete ankenn limyè k ap vegle je machin k ap pase
- Pa mete chèz nan kote arè bis yo ye, liy bisiklèt, kote taksi yo kanpe, espas paking Machin Pataje, estansyon arebò twotwa ki pentire oubyen twotwa ki lonje, zòn ki fèt pou pare kou (zòn ki make an blan ki separe liy bisiklèt oubyen liy paking ak liy pou machin deplase), oubyen liy machin pase. Ou ka mete chèz ki sou wout la nan yon liy bis depi

## Restoran NYC ki louvri: Kritè pou sit la



- ou retire tout separasyon yo, chèz ak ranp pandan lè sa yo Pa gen Kanpe ditou. Chita sou twotwa kapab fèt nan yon liy paking k ap flote devan yon biznis ki apwouve. Tanpri konsilte [nyc.gov/openrestaurants](https://nyc.gov/openrestaurants) pou plis detay anplis
- Ou dwe retire tab yo ak chèz yo oswa mete yo nan plas lè yo p ap itilize.
- Konfòme w ak Depatman pou Dife ki Pran nan NYC epi ak lòt Kòd Dife ki aplikab.
- Estrikti yo, tant oswa parapli pa gen dwa bloke okenn siy ki endike bon wout oswa siy règleman lari yo.

## Dokiman ki nan anvlòp la

- Règleman pèmi pou moun manje deyò nan Eta New York la enstale yon kouvèti tanporè oubyen fiks (tankou ovan, palfon oubyen tant) pou lontan depi l gen omwen de kote ki louvri pou lè pase.
- Si de (2) oubyen plis kote mi yo louvri, epi omwen youn paralèl ak wout la, ou kapab louvri ak règleman sa yo pou manje deyò (tankou 6 pye ant tab yo, pa plis ke 10 moun chita sou yon tab), oubyen mwens si restriksyon yo limite nan zòn yo.
  - Si y ap itilize twa (3) kote mi yo ye a oubyen, espas la ap

limite a 25 pousan de kapasite l epi yo sipoze swiv tout règleman pou manje anndan yo alalèt. Lè yo pa pèmèt moun manje anndan, estrikti ki gen twa (3) kote ki gen mi yo p ap kapab louvri.

- Estrikti ki fèmen yo, tankou donm ki fèt an plastik yo y ap pèmèt fèt fèt ladan yo epi yo sipoze vantile pou pèmèt lè sikile.
- Yo pèmèt yo ranje sèl chofaj elektrik nan wout la.

## Nèj

- Lè gen avètisman pou nèj, y ap avèti restoran ki louvri yo si wout kote moun manje deyo yo sispann. Lè wout kote moun manje deyò fèmen:
  - Moun k ap manje deyò yo pa ka chita kote ki ranje deyò a. Tanpri retire oubyen sekirize nenpòt tab ak chèz yo.
  - Yo dwe retire tout chofaj elektrik yo ki ranje nan wout la.
- Si posib, retire nenpòt sa ki kouvri oubyen retire regilyèman nèj la jiskaske avètisman nèj la sispann.
- Si yo prevwa 12 pye (4 mè) nèj k ap tonbe:
  - Retire oubyen pi byen ranje kote wout la ye a pou ka genyen anprent ki pi piti ke posib ansanm ak arebò twotwa a.